



Konje peye pou rezon fanmilyal ak medikal (PFML) nan Massachusetts

Massachusetts ofri travayè ki kalifye yo peye konje pwoteje travay nan sèten sitiyaasyon.

Elijiblite

Ou dwe ap travay Massachusetts. Sa gen ladan travay pou kominote a ak ajans li yo ak moun kap travay nan Massachusetts pou anplwayè andeyò Leta. anplwaye federal yo pa ladan. Anplwayè minisipal yo ka rantre, men pifò pa fè sa. **Si w se yon travayè endepandan, ou ka enskri,** epi kalifye pou jwen avantaj yo touswit siw peye kotizasyon ou yo pou 2 trimès avan yo (ou dwe rete nan pwogram nan pandan 3 zan apre w fin antre).

Aprann plis sou ki kalite travay ki **pa** kouvri: mass.gov/info-details/your-eligibility-for-paid-family-and-medical-leave-pfml

Ou dwe ap touche pou pi piti

- \$6,300 nan 4 dènye trimès pase yo ki fini (pou 2024) **epi**
- Omwen 30 fwa plis pase kantite lajan ou ka elijib pou resevwa chak semèn nan men ou atravè benefis konje maladi fanmi ou peye. Gade kalkil avantaj yo nan calculator.digital.mass.gov/pfml/yourbenefits/.

Diferan kalite konje

- Jiska 20 semèn konje peye pou **kondisyon sante grav yon anplwaye**
- Jiska 12 semèn konje peye pou **nesans, adopsyon oswa swen adoptif** yon timoun
- Jiska 26 semèn konje peye pou **pran swen yon manm fanmi militè** ki gen pwoblèm sante grav
- Jiska 12 semèn konje peye pou **pran swen yon manm fanmi** ki gen pwoblèm sante grav
 - **Manm Fanmi** pou objektif sa gen ladan Mari oswa madanm ou, patnè domestik, yon moun ki te kanpe nan plas paran lè ou te minè, yon pititpitit, granparan oswa frè ak sè.

Kisa ki yon pwoblèm sante grav?

Yon pwoblèm sante grav se yon pwoblèm fizik oswa mantal ki anpeche w fè travay ou **pandan plis pase 3 jou kalandriye konsekitif konplè epi ki mande tretman ki swiv sèten règ.** Plis enfòmasyon: mass.gov/info-details/paid-family-and-medical-leave-pfml-benefits-guide#what-is-a-serious-health-condition?

Ou dwe bay sètifika founisè swen sante w la lè l itilize fòm **sètifikasyon maladi kritik** la: mass.gov/doc/certification-of-your-serious-health-condition-form/download

Sèvis yo

Prestasyon FPML ou yo pral baze sou yon kalkil ki pran an kont Salè mwayèn pa semèn ou ak salè maywèn chak semèn nan Massachusetts. Montan **maximum** Prestasyon PFML pou ane prestasyon 2024 la se \$1,149.90—Paw la ka mwens. Gade kalkil prestasyon yo pou yon estimasyon: calculator.digital.mass.gov/pfml/yourbenefits

Prestasyon sèvis yo dwe respekte yon delè datant 7 jou. OU pap resevwa okenn prestasyon pandan peryòd datant sa a. Yo pral pran an konsiderasyon sèt jou sa yo nan total konje ki disponib pou ane a.

Pou Aplike

Dabò ou dwe fè patwon w konnen si w bezwen pran konje. Si se yon konje planifye, avèk avi omwen 30 jou.

Aprè sa mande PFML nan paidleave.mass.gov

Si w ap aplike pou prestasyon konje peye pou fanmi ki gen rapò ak militè, oswa siw ap aplike pou prestasyon konje peye pou fanmi oswa medikal epi w ap travay poukont ou oswa ou pap travay kounye a, tanpri rele **sant Kontak Depatman an nan 833-344-7365 pou soumèt demann ou an.**

Patwon w ak PFML

Patwon ou fè pati de pwosesis apwobasyon an. Anplwayè ou yo ka rejte aplikasyon w lan sèlman si yo kwè:

- Ou te deja itilize maksimòm konje ou pou ane a
- Aplikasyon w lan manke kèk aspè, manke kòrèk oswa gen fwod

Anplwayè w la pa ka rejte demann konje w la pou rezon bidjè oswa pou rezon orè.

Delè aplikasyon an

Aprè w fin soumèt aplikasyon konplè w la, atann pou tretman an pran omwen 35 jou.

Konsèy enpòtan

- **Ansyen anplwaye yo** ka elijib si ou pap travay depi 26 semèn oswa mwens (rele sant kontak la nan 833-344-7365)
- Selon sitiyasyon an, yon **fiti paran yo** ka elijib pou konje maladi pandan oswa apre gwosès la. Lè w pare pou vire nan konje parantal, ou ka rele sant kontak la nan 833-344-7365 Ou pa **bezwen** soumèt yon dezyèm demann. Nan ka sa, yo pral anile dezyèm peryòd datant 7 jou a.

Pou plis enfòmasyon gade sit entènèt PFML la: mass.gov/paid-family-and-medical-leave-benefits